ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM 8 август 2024 год № 15 (559)

# ИСЛАМАН ЗIАЬНАРШ



ОРДЕН «ЗА ЗАСЛУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ




РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА

ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР

МЕХАПА ХЬЕХАМАШ

## ЗИКР А, ДОIА А

*Йуьхь йеша хIокху шеран 11-чу июлехь арадаьллачу 14-чу (558) номерехь.*

147. Къайлах а, гучохь а даггара Дела дукха хьехош хила, варийлахь, гIопал (Дела хьахор дитина верг) ма хилалахь.

148. Дела хьехочу мажлисашка (зикран гуламе) воьдуш хила, баккъал а йалсаманин бошмех йу, хьуна, уьш.

149. Дела ца хьахочу а, Пайхамарна (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) салават ца дуьллучу а мажлисехь сацарх ларло.



150. Хьо мажлисера хьалагIаьттича, «СубхьанакаллахIумма ва бихьамдика, ашхIаду ан ла илахIа илла Анта астагIфирука ва атубу илайка» ала. ЦIена ву хьо, хIай АллахI, хастам бу Хьуна. Ас тоьшалла до, Хьо воцург кхин Дела вац аьлла, Хьоьга гечдар а доьху ас, тоба а до, бохург ду иза.

151. ХIора фарз ламазал тIаьхьа доьшуш долу азкараш ларде (айаташ, доIанаш, таспихьаш).

152. Хьо сужудехь волуш а, ламазал тIаьхьа а, буьйсанан тIаьхьарчу декъехь а Деле доIа (дехар) де.

153. Базаршкахь а, уьш санна динца бала боцчу меттигашкахь а Лекха волу АллахI дукха хьехаве.

154. Лекха волчу Деле гечдар а, динехь а, дуьненахь а, эхартахь а балех маьрша витар а деха.

155. Лекха волчу Делаца йолу хьайн ойла тойе, хьайн доIина жопдалар хьеделла хеташ ма хила, хьайн болх Делан (ЦIена ву Иза) кара дIало.

156. Лекха волчу Деле доIа даггара а, Цунна муьтIахь хиларца а де – гIопал (бен доцуш) долчу дагца ма де.

157. Лекха волчу Деле, динан дийцаршкахь схьадеанчу доIанашца кхайкха – баккъал а, уьш тIех сийлахь ду, хьуна.

158. ДоIа Далла хастам барца а, Пайхамарна (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) салават дилларца а доладе, айхьа амин алале, цаьрца дерза а де.

158. Дуьхьал воцуш волчу хьайн бусалба вешина доIа де, цуьнга хьайна доIадар а деха, бусалбанна вон доьхуш (сардам боллар, неIалт алар) доIа ма де.

159. Буса, къаьсттина IуьйкъанаIуьйкъана (буьйсанан чаккхе, сатасарна герга йолу хан) «астагIфируллахI» (ас АллахIе гечдар доьху) дукха баха.

160. Пайхамарна салаваташ дукха дахка, къаьсттина пIерасканан буса а, рузбанан дийнахь а.

МАХЛЕЛОР

161. Рицкъ лаха Iуьйранна хьалхе аравала, малойарх ларло.

162. Хьайн йохк-эцар, шарIан тIедилларш лардеш, цIена леладе, телхина (къилахь) долчу махле-лорах ларло.

163. Хьарам долчу махлелорах а, йолах йухалург ахча даларх а, эцарх а ларло.

164. Хьайн товар хеста ма де, эцархо шен лаамехь вита.

165. Шеко йолу хIуманаш лело эхь хеташ хила.

166. Йухкуш а, оьцуш а комаьрша хила. ТIедожор а, кхочушдар а хаза долуш хила.

167. Дохковаьллачунна цуьнан гIалатлонна гечде (йухайелла хIума схьаэца). Дохковаьллачу эцар-хочунна гечдинарг милла а велахь а, Дала Къематдийнахь цуьнан гIалатлонна гечдийр ду.

168. Терза ма эшаде, барам нийса лелабе.

169. Махлелорехь нахана а диканиг лууш хила, варийлахь, уьш Iехорах ларлолахь.

170. Хьайн бусалба вешин мах бохош мах ма бе, цуьнан захало дохош захало ма де.

171. Варийлахь, хьо вехаш волчу шахьарахь нахана хьаштдолу товар – къаьсттина йуург – дукха схьаэций, мах тIекхетаре хьежош, дохка ца дукхуш ма латтаделахь.

172. Хьайн махбарехь бакъluьйш хилалахь, аьшпаш боттарх, дуйнаш баарх ларлолахь.

173. Тешаме хила, йамарт хиларх ларло. Хьадисехь ма ду: «Хьайх тешнаволчун тешам кхочушбе, хьайна йамарт хиллачунна йамарт ма хила», – аьлла.

174. Декхарш лето ма марзло, йухалург даьккхинехь, герггарчу хенахь дIадала ниййат долуш хила.

175. Хьайн таро йолуш, декхар дIадалар тIаьхьа ма тетталахь – хьоладас декхар хьедар зулам ду, хьуна.

176. Веллачунна диканиг дан лууш хьо велахь, цуьнан декхарш дIатакха сихо йе.

177. Варийлахь, хьо къиношла вохуьйтуш болу харц дуйнаш ма баалахь.

178. Йолан процентех а, цхьанна а гIелойарх а, къоладарх а, йамартло йарх а, хьайна кхачош йоцург схьаэцарх а ларло.

179. Кхечун долахь йолу хIума, цуьнан пурба доцуш, ханна а схьа ма эца.

180. Белхалочунна алапа, цуьнан хьацар дакъадалале (хьалхxе) дIадала сихо йе.

181. Пайда ца оьцуш (исрап дай), хьал (рицкъ) талха ма де.

ЗУДА ЙАЛОР

182. Варийлахь, бIаьргаш ма къерзабелахь, охьабахийталахь. Баккъал а, хьажар – дIаьвше пха кхоссар ду, хьуна.

183. Новкъа воьдуш шина зудчунна йуккъехула ма вала, аьтту йа аьрру агIор таIа.

184. Зуда йало декхарийлахь ву хьуна хьо. Баккъал зуда йалийначо шен бIаьргана доладо, шен эхье меженаш ларйо.

185. Динехь йерг йало хьакъ ву, хьуна, хьо.

186. Зуда йита сих ма лолахь, баккъал а, ша магийна долчух, Далла уггар ца дезаш дерг ду, хьуна, иза.

187. Хьайн зударий а, йоIарий а, гергарнаш а ларбе, дина зулам доццушехь, майранашка шаьш битар дехарх.

188. Хьайн мотт, зуда йуьтур йу бохуш, дуйнаш баа ма марзбелахь.

189. Зуда йало аьтто бацахь, Дала Шен комаьршаллех хьайна хьал даллалц (зинадарх) ларлолахь, цу тIехь (дегIан лаам кагбеш долчу) мархакхабарх пайдаэцалахь.

190. Цуьнан динна а, гIиллакхна а хьо реза верг (йеха) вагIахь, цуьнга йахийталахь. Урдонаш лакхадахар дита.

191. Махбар (стаг а, зуда а шарIан бакъонаш ларйарца цхьаьнакхетар) нахаладаккха, ловзарна, аьттоне хьажжий, той де.

192. Зуда йалийначохь а, ловзаргахь а музыкин гIирсаш а, уьш санна шарIо магийна доцу хIуманаш а ма леладе.

193. Хьайн зудчунна урдо дIало, цуьнан бакъонаш ларйе, цуьнца дика тIекаре (гергарло) йолуш хила.

194. Хьайн зудчунна, цуьнга ларйайта, марзудчун йукъаметтигаш йовзийта.

195. Хьайн зудчуьнца, цуьнан ламаз доьхначу хенахь а, йа бер динчул тIаьхьа иза цIанйаллалц а, цхьаьна ма вижа.

196. Хьайн зударшна динан хьукманаш (сацам) Iамаде, харц долчунна тIеберза пурба ма ло царна.

197. ХIума йекъарехь хьайн зударшна йукъахь нийсо йе, варийлахь, зулам дарх ларлолахь.

198. Хьайн зудчунна а, хьайн берашна а напха латтаде, варийлахь, бIаьрмециг ма хилалахь.

199. Айхьа кхобуш болчарах цхьаъ хIаллакварх ларло.

200. Хьайн берана тилла хаза цIе харжа.

201. Божабераш зудаберел гIоле хеташ, къестош ма хила.

202. СовгIаташ берашна йукъахь цхьатерра дIанисде.

203. Хьайн бераш кхетошкхиаде, уьш кхетаман шерашка девлча.

204. Ламаздар тIедожаде царна, сийлахь долчу динах уьш долийта. Царах хIоранна а мотт-гIайба къастабе (ша-ша билла).

205. Бераш кхиоран новкъахь хьайн зудчуьнца бертахь хила, баккъал а дуьхьдуьхьал хилар церан амалшна зен деш ду, хьуна.

206. Хьайн бераш кхиъна девлча (зуда йалорца а, маре йаларца а), дIанисде.

207. Варийлахь, зудчуннийМайрачунний, накъосташний, безачарний йуккъера барт ма бохабелахь.

208. Хьайн зударшка дино фарз дина тIедиллина долу дуьззина хьижаб (йуьхь, ши куьг доцург дегI хьулдеш долу духар) леладайта, церан оьздангалла а, йукъараллин беркат а лардархьама. Баккъал а зударша шайн дегI Iорадаккхарехь а, хазалла гучуйаккхарехь а йукъаралла талхар а, дакъазайалар а ду.

209. Хьайн зударшка, куьг кхетча шайн ламаз духучу, ден агIорхьара а, ненан агIорхьара а болчу шичойх а, хьан вешех а дегI хьулдеш хьижаб духарца омра де. Таханлерачу дийнахь зударий царна хьалха дIа ца хьулбала марзбелла.

210. Хьайн зударий, шайна бедарш тегийта, бусалба зударий болчу бен ма бахийта.

211. Хьайн зударий пхьош доцуш… йа доца пхьуьйшаш долчу духаршца арабовларх ларбе, тIекхоьллина бедар йелахь а. Церан куьг дIакховдор хуьлу, мохо лаамза уьш Iора (берзина) боху.

212. Хьайн зударий чекх са гуш йа бес-бесара пазат йухарх ларбе, шеца хазалла йоцуш йолу Iаьржаниг бен, ност хьулйеш йерг бен ма лелайайта цаьрга.

213. Хьайн зударий, боьрша нехан бIаьрг тIехIутту болу хазйина мачаш йухарх ларбе.

214. Хьайн зударий, базара а бахана боьршачу нахаца готтехь хиларх а, йохкархошна хьалха Iорабовларх а ларбе. Баккъал а, Дела оьгIазвохуьйтург а, муъма (ийман диллина) стаг оьгIазвохуьйтург а ду иза.

215. Хьайн зударшна цхьадолу даарш дита нузар (ниййат) дар дехка, иза а шарIо магош дац.

216. Хьайн зударшна (тезетахь) барамна тIаьхьабаха арабовлар дехка.

217. Хьайн зуда а, хьайн йоIарий а шайн цIийндайн къайле ларйан Iамабе.

218. Хьайн зуда а, хьайн йоIарий а дашца, йа дечуьнца йа галморзахаллица шайн цIийндайшна зен дарх ларбе.

219. Хьайн зударий, ун даларна кхоьруш, керста зударех тера кечлуш болчаьрца тIекаре хиларх ларбе, Iеса долчунна резахилар а Iосалла йолу дела.

220. Хьайн зударшна эшархой, хелхарчаш, музыкин гIирсаш болчу ловзаршка (тойнашка) бахар дехка.

221. Хьайн зударий урамашкахь къамелаш дарх а, цигахь боьлуш латтарх а ларбе.

222. Хьайн зударий хьешаца неIарехь (кевнехь) къамелаш деш латтарх ларбе.

223. Хьайн зударшка хийрачу божаршца къамел ма дайта, цаторийла хилча бен, йуккъехь ога йа кирхьа долуш бен, дашехь кIеда-мерзалла гучуйаккхар доцуш.

224. Хьайн зударий цIахь Iен Iамабе – баккъал а, цIенна кхоьллина бу уьш – верасан пурбанца бен арабовла йиш йоцуш.

225. Хьайн зударий культурин а, садаIаран а паркашка баха шаьш ара ма бовлийта, йа самукъадаккхаре а, йа кинотеатрашка баха а. Баккъал а, цигахь телхина мел дерг а, къинош летор а Iема царна.



*ТIаьхье хир йу.*

***С. Муртазаев***

ТАХАНА ПОЬМАРЕХЬ

### 2-гIа агIо

**ШАЙХ ТАШУ-ХЬАЬЖА (ВОККХА-ХЬАЬЖА)**



«Воккха эвлайаъ хилла Сесанара Шайх Ташу-Хьаьжа. Иза дуьнен чу ваьлла Дагестанерчу Эндере-Йуьртахь. ДIавоьллина Нажи-Йуьртарчу Сесанахь. Цигахь цхьа хаза зерат дина цунна муридаша. ХIинца вайн республикин Мехк-Дас Кадыров Рамзан-Хьаьжас тодайтина иза. Массарна а вевзаш ву и эвлайаъ. Масех цIе йу цуьнан наха йоккхуш – Сесанара-Хьаьжа, Воккха-Хьаьжа и д. кх...»

### 3-гIа агIо

**МУСАЕВ ТИМУР (1974 – 2009)**



«Капитан милиции, начальник ОУР ОВД по Шалинскому району Тимур Мусаев родился 24 апреля 1974 года в городе Грозном в семье Имрана и Зарган. Отец Тимура работал в линейном отделении милиции начальником отдела транспортной милиции. Тимур был старшим сыном, с детства помогал родителям по уходу за младшими братьями. Он учился в школе № 22 г. Грозного, демонстрировал тягу к знаниям, легко усваивал материал. Окончил школу на золотую медаль. После школы вместе с другом детства поступил в Чеченский институт управления бизнесом. Окончить учебу не смог из-за войны. В тяжелое время семья переехала в село Майртуп Курчалоевского района...»

### 4-гIа агIо

**КЕРЛАНИГ**

«Сан тахана дуьххаьрлера белхан де ду. Базаран туьше хьажийна со, къона говзанча ву аьлла. Тхан хьаькаман омранца.

Суна тIедиллинарг – кху йоккхачу базарахь Iедалан хьесапехь низам тодар. Тхан рогIерчу кхеташонехь суна довзийтира дуьхьал жоп далаза дисина долу декхарш, коьрта кхачамбацарш.

– Со ларор вац, суна дика ца йевза базаран башхаллаш, цуьнан бозбуанчаллаш, – аьлла, со йухавал гIоьртича, хьаькама, кхеташонера массо а араволучу минотехь, фамили йаьккхина, со тIаьхьа а сацийна, элира:

– Хьо говзанча ву, тIедехкина декхарш дика довза гIертар оха тидаме эцна, базар хьан хьалхара гIулч йу. Ахь цигахь гайтинчу хьолаца дустур а ду…

Леррина когашкара коьрте кхаччалц шен буьрсачу хьажарца со вуста а вуьстина...»

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

ВАЙН ЭВЛАЙААШ

# ШАЙХ ТАШУ-ХЬАЬЖА (ВОККХА-ХЬАЬЖА)

Воккха эвлайаъ хилла Сесанара Шайх Ташу-Хьаьжа. Иза дуьнен чу ваьлла Дагестанерчу Эндере-Йуьртахь. ДIавоьллина Нажи-Йуьртарчу Сесанахь. Цигахь цхьа хаза зерат дина цунна муридаша. ХIинца вайн республикин Мехк-Дас Кадыров Рамзан-Хьаьжас тодайтина иза. Массарна а вевзаш ву и эвлайаъ. Масех цIе йу цуьнан наха йоккхуш – Сесанара-Хьаьжа, Воккха-Хьаьжа и д. кх.



1830-чу шарахь Макка-Мединате ХьаьжцIа вахана Воккха-Хьаьжа. Цигахь цунна девзина эвлайаийн дахарх долу Iилма. Цигара цIа вирзича, бусалба динца долу гергарло кхин а алсамдолу цуьнан. ЧIагIло динан дайшца йолу йукъаметтигаш. Оцу заманчахь Дагестанехь а, йерриге Кавказехь а бусалба динан хьехамаш беш, дин даржош хилла имам ГIеза-Махьма. Ташу-Хьаьжа лерам болуш дIахIоьттира шайн махкахь а, луларчу мехкашкахь а, къаьсттина – Нохчийчохь. Цуьнан гергарло тасаделира имамаца ГIеза-Махьмица. Цо шена улле озийра Воккха-Хьаьжа. Цуьнан хьуьнарех тийшира, цо къобалвира иза. ТIеман говзалла йолуш хиларехь а, майраллица а шех тера карийра цунна иза.

1831-чу шарахь, ша и къобалвеш хилар чIагIдеш, тIеман байракх Ташу-Хьаьже йелира цо.

Дуккха а шерашкахь имам Шемалца, цуьнан наиб а волуш, тIемаш бира Ташу-Хьаьжас, гIазот кхайкхош. Нохчийн халкъ пачхьан Iедалан къизаллех кIелхьардаккха гIерташ вара Воккха-Хьаьжа.

Нохчийчохь вайнаха лелош ши тIарикъат ду: накъшбандин а, къадарин а. Накъшбандин тIарикъатехь Нохчийчохь дуьххьарлера эвлайаъ ву Воккха-Хьаьжа. Цуьнан устаз хилла Дагестанера шайх Мухьаммад-ЯрагIи. Ташу-Хьаьжас шел тIаьхьа билгалвина хилла Сиржа-Эвлара Умалт-шайх а, Зандакъара ГIеза-Хьаьжа а.

Ташу-Хьаьжин мурдаша дийцарехь, цуьнан устаза Мухьаммад-ЯрагIис Ташу-Хьаьжина тIедиллина хилла Нохчийчуьра дуьйна Анапа-шахьара кхаччалц накъшбандин тIарикъат даржор. И бакъо луш, цунна шайхан таж а тиллина. Ташу-Хьаьжин мурдаш бу, вайн махкарчу йерриге а йарташкахь ала мегар долуш. Къаьсттина дукха бу уьш Нажи-Йуьртан, Курчалойн, Гуьмсан, Шелан кIошташкарчу йарташкахь. Воккха-Хьаьжа дIакхелхина 1843-чу шарахь.

Сесанарчу Воккха-Хьаьжин цIарах маьждиг ду Гуьмсехь. Иза Нохчийн Республикин Мехк-Ден Кадыров Рамзанан омранца дина ду. И схьадиллина 2011-чу шеран хьаьттан беттан 23-чу дийнахь. Цу чохь Iибадатна вовшахкхета аьтто бу 3500 стеган. ГIалин массо а йистехь хеза цигахь молла кхойкхуш. Дуккха а бусалба нах рузбанан ламазна а, жамIатан ламазна а гулло цигахь.

Кегийчу наха цу чохь Къуръан Iамадо. Баккхийчара хьехамаш бо кегийчарна. Нохчийчохь уггаре а хазачарах ду ала мегар ду и маьждиг. Буьйсанна стогарша гуттар а исбаьхьа гойту и гIалин кхечу гIишлошна йуккъехь. Эвлайаан Воккхачу-Хьаьжин беркат ду иза.

Эвлайаан Ташу-Хьаьжин зерат ду Сесанахь. Бусалба динан дезачу деношкахь дуккха а бусалба нах хIуьтту цига зерате. Цара доьху Аллах1е шаьш массо а вуочу хIуманах лардар, дика мел долчу хIуманна тIехь шайн аьтто бар.

Ташу-Хьаьжас шен муридашна тIедехкина, Аллах1 хьехош Iамалйеш, вирдаш дахар. ХIора вирд даккха хенаш билгал а йина. Цул сов, тобанаш вовшах а кхетий, «ЛА ИЛАХIА ИЛЛАЛЛАХI» бохуш, чIогIа зуькар до цуьнан муридаша.

Дала и эвлайааш лийринчарах дойла вай!

*М. Заурбеков*

# СУДНЫЙ ДЕНЬ

Пророк предупреждал неоднократно
О дне ужасном, – это страшный день! –
Когда свершится ход светил обратный,
И лишь Престол подарит людям тень.

Стартует Божий суд – нигде нет тыла;
В эпохах начался тягучий марш.
А сонмы херувимов многокрылых
По небу волокут Господний ‘Арш.

Воскресло всё, что прежде в мире было;
Благодеянья превратятся в свет.
Весы «Мизан» – суровое мерило
На целых пять десятков тысяч лет.

Воздвигнут мост Сират, сулящий Вечность,
А адский пламень рвётся всё сожрать.
И, ощущая ужас бесконечный,
Ребёнком рада откупиться мать.

Здесь – бесы и сподручные им люди,
Иблис и одноглазый лжец Даджаль…
В тени Престола находиться будут
И те, чьих лиц не омрачит печаль.

Шахидов пробуждает голос трубный,
Они рядами стройными стоят:
Кто гибли при Бадре и Ухуде;
Их предводитель – Божий лев Хамзат.

Ну а вокруг – всеобщее смятенье.
И даже Иисус, Марии сын,
Не знает, как избегнуть унижений…
В тревоге в этот час не он один!

Творить Свой суд Всевышнему угодно,
И чтобы кары убоялся люд…

И лишь один Мухаммад благородный,
В слезах пред Богом совершит суджуд.

Хотя Творца страшится непременно
Пророков верховод и их печать,
Он всё-таки готов войти в геенну,
И за грехи собратьев пострадать.

Мольбу к Аллаху обратит Посланник,
Прося за умму, упадая ниц,
За каждого, кто в жизни был как странник,
И знал, что Божья милость – вне границ.

И взмолится: «Даруй, Господь мой, милость!
Яви же милосердие ко всем:
Они не видя ад, огня страшились
И жаждали проникнуть в Твой Эдем»…

Муслимы! Возлюбите же Пророка!
Его стезя ведёт под Божью сень…
Не лучше ли без багажа пороков
Рабу воскреснуть в трудный Судный день?!



*Зелимхан Мусаев*

# ЙЕШ ЙОЛУ IАМАЛ ДЕЛАН ДУЬХЬА ХИЛА ЙЕЗА

## *Устрада-гIалара рузбанан маьждигехь бина хьехам*

Вай йеш йолу 1амал Делан дуьхьа йан йезаш хилар билгалдаьккхина Аллах1а. Т1ехула схьагуш нахана иза мел хаза 1амал йелахь а, даггара, Дела реза вар нийат а долуш иза йина йацахь, Дала къобал ца йо боху. Делан Элчано (с.1.в.) шен хьадисехь аьлла: «Кхана дог1ун долчу Къематдийнахь и жоьжахатин ц1е 3 стагах хьалалатор йолуш йу. Царах цхьаъ – Дала шена дуьненан даьхни делла хилларг ву. Къематдийнахь иза схьа а валийна, Ницкъ болш волчу Дала д1адовзуьйтур ду цунна Ша делла хилла ни1маташ, х1ара а, х1ара а, динерий ша хьуна, бохуш, дагар а деш. Т1аккха Дала хоттур ду цуьнга: «Ас хьайна делла хиллачу ни1матех х1ун дира ахь?» Хьоладас жоп лур ду, боху: «Х1ай Везан Дела, даьхни гулдира ас дуккха а, Хьо реза ван г1ерташ иза саг1ийна а делира ас», - аьлла.



«Харцлоь хьо, - эр ду боху Дала. –Ахь даьккхина саг1а, хьенех комаьрша ву, хьенех дика стаг ву алийта 1алашо йолуш дина х1ума ду», - аьлла. Иза даре дийр ду, боху, хьоладас. Т1аккха иза, Делан омрацаа, йуьхьа т1ера а лаьцна, такхийна жоьжахати чу кхуссур ву.

Шолг1аниг – майра стаг ву, Дала шена доьналла а, майралла а йелла хилларг. Дала цунна а д1адовзуьйтур ду ша делла хилла ни1маташ. Т1аккха Дала цуьнга а хоттур ду: «Ас хьайна деллачу ни1матех х1ун дира ахь?», - аьлла.

-Хьан новкъахь т1ом биркха ас кхалххалц, бусалба динехьа къуьйсуш велла-кх со, - эр ду боху майрачу стага.

«Харцлоь хьо, - эр ду цуьнга Дала. – Ахь т1ом бина хьенех майра ву, хьенех доьналла долш ву алийтархьама». Цунна къера хир ву, боху, майра стаг. Т1аккха Дала омар дийр ду: «Жоьжахатичу кхосса иза»,- аьлла. Йуьхьа т1ера а лаьцна, такхийна жоьжахати чукхуссур ву иза.

Кхозлаг1ниг – Дала шена 1илма делла волу 1еламстаг ву. Къематдийнахь шена хьалха д1а а х1оттийна Дала довзуьйтур ду, боху, цунна ша делла хилла ни1маташ. Т1аккха цуьнга хоттур ду Дала: «Х1ун дира ахь цу ни1матех?», - аьлла. 1еламстага жоп лур ду: «Х1ай Везан Дела, Хьо реза ван г1ерташ Ахь сайна делла хилла 1илма нахана д1а1амийра ас», - аьлла.

«Харцлоь хьо, - эр ду, боху, Дала. – Ахь хьайгара 1илма нахана 1амийра, хьенех 1еламстаг ву, аьлла, нахана йукъахь хьайн ц1е йаккхийтархьама. Хьуна луург дуьненчохь кхочушхилира, 1еламстаг ву аьлла ц1е йаьккхира хьан». Цул т1аьхьа Делан омраца йуьхьа т1ера а лаьцна, жоьжахати чукхуссур ву иза а.

Делан дуьхьа доцуш долу х1ума дерриге а дайна ду.

Жоьжахатин 1азап хала дуьйцу. Дуьненчохь аш латош йолу ц1е – жоьжахатин ц1арах 70 дакъа дича 1 дакъа бен дац шуна, аьлла Мухьаммад Пайхамара (Делера саламмаршалла хуьлда цунна), х1ора декъаца шен-шен йовхо а йолуш. Жоьжахатин ц1еран йовхонан 70-г1а дакъа ду дуьненчохь йолчу ц1арца дерг. Т1аккха асхьабаша элира боху: «Йа Расулуллах1, дуьненчуьра ц1арца долу 70-г1а дакъа йовхо бен жоьжахатахь ца хилча а ма тоьар йара иза вайн дог1машка лалур а йоцуш».

Элчано т1аккха аьлла: «Эзар шарахь йагийра шуна и ц1е – и ц1иййаллалц. Йуха а эзар шарахь йагийра шуна и ц1е – и к1аййаллалц. Кхин а эзар шарахь йагийра иза – и 1аржйаллалц. Бодане йолуш, 1аьржа йу шуна «жоьжахати».

Жоьжахати чохь уггаре лахара долу 1азап – хьан кога к1ела цу чуьра к1егаш йукъара схьаэцна ши т1улг биллича хьан коьртан хье кхехкар ма бу, - аьлла Делан Элчано (с.1.в.).

Дуьненчохь ша волчу хенахь дика а хьегна, веллачул т1аьхьа жоьжахати чу а кхаьчна, цкъа оцу ц1арга а 1оьттина схьаваьккхинчуьнга эр ду боху: «Х1ай Адаман во1, хьо дуьненчохь волчу хенахь цкъа а дика болх хиллий хьуна, цкъа а ни1мат ган а гиний хьуна?». Цо эр ду боху: «Везан Дела, Хьан ц1арца дуй буу ас, цкъа а дика х1ума гина ма вац ас», - аьлла. Дуьненчохь шена гина хилла ни1маташ дицлур ду-кх цунна оцу жоьжахатин 1азапан ч1аг1алла.

Дуьненчохь волчу хенахь ч1ог1а халонаш а, бала а хьегна йалсамане кхаьчначу стаге, йуха цу чуьра ара а ваьккхина, хоттур ду, боху: «Цкъа а г1айг1а-бала а, хало а гиний хьуна дуьнен т1ехь, х1ай Адаман во1», - аьлла. Цо жоп лур ду, боху: «Цкъа а хало ма ца гина суна, цкъа а балехь ма ца хилла со, йа Аллах1», - аьлла. Йалсаманин ни1мато дуьненчохь хилла болу бала д1аойбур бу».

Везачу Дала лардойла вай жоьжахатин ц1арах, Дала вайна генайоккхийла иза. Вайна иза гена йер йу-кх, вай бахьанаш леладахь, Делан динехь вай нислахь. Везачу Дала шен ц1еначу динехь нисдойла вай!

*С. Атабаев*

# ПОЧЕМУ ПРОРОК МУХАММАД

## *(да благословит его Аллах и приветствует)*

# ЗАПРЕТИЛ ЛЮДЯМ РАССКАЗЫВАТЬ О СВОИХ ГРЕХАХ?

В Исламе существует понятие муджахара, что значит «совершающий грех и придающий его огласке». Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) описал такого человека: «Все члены моей общины будут спасены в День Суда, за исключением заявляющих во всеуслышание о своих грехах».

К таким людям (муджахара) относится человек, который согрешил ночью, но Всевышний Аллах покрыл его грех, а утром он сам говорит: «О такой-то! Я совершил вот такой грех». И получается так, что он проводит ночь под покровом своего Господа, а на утро разрывает покров Аллаха.

Мирская жизнь и ее установки существуют по законам Всевышнего Аллаха. Когда человек совершает грех, еще до того, как это случилось, об этом знает только Всевышний Аллах. О большинстве грехов человека известно только Всевышнему Аллаху, грех остается между человеком и Его Творцом, если о нем не узнали другие. Аллах Всевышний, не желая усложнить жизнь человеку, не сделал так, что все его грехи становятся открытыми для всех, Аллах оставил для человека возможность раскаяния, постоянной работы над собой и шанс меняться. Такова установка Всевышнего, и мы не можем препятствовать этому.

В хадисе сказано «Аллах покрыл его грех», это значит, что Аллах настолько милостив, что не раскрывает наши грехи. Он покрывает их, пока мы не будем стремиться к прощению. То, что Аллах хочет сохранить в тайне, Он сохраняет, то, что Аллах хочет раскрыть, Он раскрывает. Человек не имеет права разрывать покрывало, которым защитил его Аллах Всевышний.

Совершая ослушание Аллаха, человек приносит себе множество неприятностей и бед, самая большая из которых - недовольство Всевышнего Аллаха. К тому же, если человек, совершая грех, станет придавать его огласке, будет удручен множеством проблем в этом мире, это даже может разрушить его жизнь. И поэтому обязанность человека - сохранять завесу, которую сохраняет Аллах, не раскрывая его греха.

Но это не значит, что человек должен лгать или, не говоря о своем грехе, причинять вред другим. Сохранение греха в тайне заключается в сокрытии своего греха, ведь с какой это целью совершается? Чтобы оправдать себя или раскаяться. Единственный, перед кем верующий должен совершать покаяние и искать спасения – так это у Всевышнего.

Наступит день, когда каждый совершенный нами грех и тайна предстанут перед нами. В этот день возможность завесы своего греха, которая дарована нам сегодня – когда еще часы тикают, и есть шанс исправлять и меняться, – будет утрачена. Человеку негде будет укрыться от своих грехов.

Придавая свой грех огласке, он не лишается его тяжести. Придавая огласке, человек выводит свой грех на другой уровень, распространяя его среди людей, и возвеличивает людей до статуса, которым обладает только Аллах. Например, посещение злачного места является грехом, но выставление своей фотографии на фоне бутылок, непристойностей и прочего выводит грех на другой уровень, усиливая его тяжесть. Это и есть муджахара.

Скромность и стыд - главные качества верующего, которых он не должен лишаться даже тогда, когда совершает запретное, и должен стыдиться своего греха, пытаясь скрыть его от других людей, также как он стеснялся бы предстать перед другими без одежды. Одно из прекрасных имен Всевышнего Аллаха – Покрывающий, Он своей милостью покрывает наши грехи, и оставляет их между Собой и нами, защищая нас от позора и оставляя шансы на раскаяние. Так зачем мы должны лишать себя того, что дано нам Аллахом?

*«Ислам сегодня»*



В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

# БРАГУНЦЫ ЖИВУТ В МИРЕ И СОГЛАСИИ

**О ТОМ, КАК В СЕЛЕ БРАГУНЫ ГУДЕРМЕССКОГО РАЙОНА ПРОВОДИТСЯ РАБОТА ПО ДУХОВНО-НРАВСТВЕННОМУ ВОСПИТАНИЮ ПОДРАСТАЮЩЕГО ПОКОЛЕНИЯ, РАССКАЗЫВАЕТ ЗАМЕСТИТЕЛЬ ИМАМА СЕЛА, ПРЕПОДАВАТЕЛЬ ШКОЛЫ СЕЛА БРАГУНЫ С 53-ЛЕТНИМ СТАЖЕМ РАБОТЫ КАЛСЫН-ХАДЖИ КОЧАКАЕВ.**



- Воспитание подрастающего поколения основано на примере жизни и деятельности Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует), Коране, хадисах и сунне. У нас имеется стенд, подготовленный муфтиятом ЧР по духовно-нравственному воспитанию подрастающего поколения. Регулярно в школе проводятся беседы о традициях и обычаях наших предков. Имам села Брагуны – Магомед-Шарип-Хаджи Муртазалиев, известный в нашей республике алим. Первый Президент ЧР, Герой России Ахмат-Хаджи и Магомед-Шарип-Хаджи были большими друзьями. Имам села регулярно проводит беседы против вредных привычек: наркомании, алкоголизма, курения. Наши ребята участвуют в районных и республиканских конкурсах по чтению Корана. Девочки из нашей школы один раз в месяц проводят санитарную уборку в сельской мечети, а мальчики благоустраивают территорию Дома Аллаха. Брагунская мечеть построена в 1850 году. На старом кладбище сельчане нашли надгробный камень (чурт), которому более 1100 лет. На камне имеется надпись на арабском языке.

Мужское население села ходит на пятничную молитву и слушает проповеди Магомеда-Шарипа-Хаджи. Проповедь ведется на кумыкском языке. Наш имам села обучил чтению Корана сотни мальчиков и девочек.

До революции в селе Брагуны было 6 мечетей и медресе, известное далеко за пределами Чечни. Кстати, одним из последних преподавателей медресе был отец нашего имама Осман-Али. Я был с ним знаком. Осман-Али был уважаемый всеми алим. Когда к нам приезжал бывший директор Департамента по связям с религиозными и общественными организациями Администрации Главы и Правительства ЧР Ризван Дадаев, он рассказывал о том, что дядя его отца учился в этом медресе, знал кумыкский язык. Сам Ризван тоже беседовал с нами на кумыкском языке.

В давние времена жители нашего села семьями совершали паломничество. Те, у которых не хватало средств на обратную дорогу, оставались там. У нас и сегодня много мусульман совершают хадж. Я был в Мекке в 2004 году. Тогда Первый Президент ЧР Ахмат-Хаджи Кадыров обратился к жителям села с предложением выбрать одного мусульманина для совершения бесплатного хаджа. После обсуждения кандидатур было принято решение направить в Мекку меня. Выступавшие говорили о том, что я помогаю имаму, участвую в зикрах, читаю Коран во время похорон, в отсутствии имама добросовестно выполняю его обязанности. Сход единогласно проголосовал за Калсына Кочакаева. Хаджи села Брагуны принимают участие на похоронах, близко принимая к сердцу горе односельчан. Работают в комиссии по примирению, ухаживают за кладбищами.

Для взрослого населения в мечети проводятся проповеди по профилактике терроризма, экстремизма, чтобы не было отклонений от традиционного Ислама. Глава администрации села Брагуны Рамзан Адильханов, имам села Магомед-Шарип-Хаджи Муртазалиев регулярно посещают торговые точки с требованием не продавать в селе алкоголь, табачные изделия.



В селе Брагуны дружной семьей проживают люди разных национальностей. Среди них нет никакого деления. В начале первой чеченской войны брагунцы приняли вынужденных переселенцев из Гудермесского района в количестве 3800 человек. Самих брагунцев тогда было всего 2800 человек. Людей устраивали в школе, в семьях. Например, Ахмад Зубайраев принял 20 человек.

При Доме культуры села Брагуны работает Кумыкский культурный центр. Основная задача деятельности центра – сохранение и развитие национальных культурных традиций. С 2010 года директором центра является Майса Бабутаева. Она по профессии преподаватель русского языка и литературы, а по призванию - инициативный человек с прекрасными организаторскими способностями. Свои национальные особенности, культуру старейшины села передают из поколения в поколение. Почитание старших для кумыков – закон, который прививается детям с малых лет.

Кропотливая работа Кумыкского культурного центра неоднократно отмечена руководством нашей республики многочисленными дипломами, грамотами и ценными подарками. Большое внимание и поддержку центру оказывает Министерство культуры ЧР.

- Чеченцы и кумыки не только братья по вере, наши народы связаны родственными отношениями. У нас много одинаковых обычаев и традиций. Мы счастливы, что живем на чеченской земле,- говорит Калсын-Хаджи Кочакаев.

